



### Konbyen kòb mwen dwe peye?

Rabè yo detèmeine sou baz tès sou revni ki dekri anwo an. Ou ka peye jiska \$0 pou pi piti si revni ou se 600% oswa mwens pase Nivo Povrete Federal lan epi ou satisfè tout lòt kalifikasyon pou elijiblite yo.

Konseye Finansye nou an pral ba ou detay yo sou rabè espesifik ou yo yon fwa aplikasyon ou an trete.

### Kijan pou mwen jwenn rabè an?

Ou dwe ranpli fòmilè aplikasyon an. Menm kote nou gen enfòmasyon sou kote ou ap viv, revni ou ak gwosè fanmi ou nou ka trete aplikasyon ou an pou yon rabè.

Ou ka aplike pou yon rabè anvan ou gen yon randevou, lè ou vin lopital lan pou jwenn swen, oswa lè fakti an vin nan bwat lapòs lan. Voye fòmilè ki ranpli an nan nenpòt anplasman ki nan yon lis anwo an.

Pasyan yo pral gen omwen desan karant (240) jou apati dat sèvis lan oswa egzeyat lan pou aplike pou asistans finansye. Pasyan yo pral gen omwen yon lòt ven jou apati resepsyon dokiman aplikasyon yo nan men lopital lan pou founi enfòmasyon yo.

### Kijan mwen ap konnen si mwen apwouve pou rabè an?

Lopital lan pral voye yon lèt ba ou nan espas 30 jou apre ou ranpli epi ou soumèt aplikasyon an, pou di ou si ou te apwouve ak nivo rabè ou kalifye pou li an.

### E si mwen resevwa yon fakti pandan mwen ap tann pou tande si mwen ka jwenn yon rabè?

Ou pa blije peye yon fakti lopital pandan yo ap konsidere aplikasyon ou an pou yon rabè. Si yo refize aplikasyon ou an, Lopital lan dwe di ou poukisa alekri e li dwe founi ou yon mwayen pou konteste desizyon an nan yon pi wo nivo nan Lopital lan.

### E si mwen gen yon pwoblèm mwen pa ka rezoud ak Lopital lan?

Ou gendwa rele liy pou enfòmasyon sou plent Depatman Sante Eta New York lan nan 1-800-804-5447.

### Politik Swen Bòn Volonte ak Asistans Finansye NYU Langone Hospitals

Dat li Efektif 6/06

Dat li Revize 6/22

Dat li Korije 6/22

# NYU Langone Hospitals

# Rezime Asistans Finansye



NYU Langone Hospitals rekonèt gen moman kote pasyan ki gen bezwen swen yo pral gen difikilte pou peye pou sèvis yo founi yo an. Lopital lan founi rabè ak moun ki kalifye sou baz revni yo. Anplis, nou ka ede ou aplike pou asirans gratis oswa ki ba pri si ou kalifye. Senpman kontakte youn nan Biwo Oryantasyon Finansye nou yo nan anplasman ki pratik sa yo pou asistans gratis, konfidansyèl.

### **Manhattan Tisch and Langone Orthopedic Hospital (LOH)**

- Tisch: 550 1st Avenue, Room Tisch SK 1-33
- LOH: 301 East 17th Street, Room 203B
- # telefòn 1-866-486-9847

### **Brooklyn:**

- 150 55th Street, Suite LB 2940
- # telefòn 1-718-630-6252

### **Long Island:**

- 131 Mineola Blvd, Suite 105
- # telefòn 1-516-663-8373

Pou plis enfòmasyon tanpri vizite sit entènèt nou an nan [www.nyulangone.org/insurance-billing-financial-assistance](http://www.nyulangone.org/insurance-billing-financial-assistance)

### **Kiyès ki kalifye pou yon rabè?**

Asistans finansye disponib pou pasyan ki gen revni limite yo ki pa gen okenn asirans sante oswa ki epuize avantaj asirans sante yo an. Tout rezidan Eta New York ki bezwen sèvis ki nesesè medikalman epi tout moun ki bezwen sèvis ijans nan nenpòt anplasman lopital nou yo. Yo pa ka refize ou swen ki nesesè medikalman paske ou bezwen asistans finansye. Ou gendwa aplike pou yon rabè kèlkeswa sitiayson imigrasyon ou.

### **Ki limit revni ki genyen?**

Montan rabè an varye sou baz revni ou ak gwosè fanmi ou. Si ou pa gen okenn asirans sante, ou epuize avantaj asirans ou yo, franchiz ou yo ki ajoute yo, kopeman oswa ko-asirans ou yo, eben tanpri vizite sit entènèt nou an nan [www.nyulangone.org/insurance-billing-financial-assistance](http://www.nyulangone.org/insurance-billing-financial-assistance) oswa Nivo Povrete Federal pou Eta New York (NYS Federal Poverty Levels, FPL) ki pi resan an epi gade ki rabè ki aplike ak ou sou baz nivo revni ou ak gwosè fwaye ou.

### **E si mwen pa sastisfè limit revni yo?**

Si ou pa ka peye fakti ou, Lopital lan ka ofri yon plan peman. Montan ou pral peye an depann ak revni ou men nan okenn ka li pa p depase 10% revni brit ou chak mwa.

### **Èske yon moun ka esplike rabè an?**

### **Èske yon moun ka ede m aplike?**

Wi, gen èd gratis, konfidansyèl ki disponib. Rele youn nan Biwo Oryantasyon Finansye nou yo:

**Manhattan:** 1-866-486-9847

**Brooklyn:** 1-718-630-6252

**Long Island:** 1-516-663-8373

Konseye Finansye an ka di ou si ou kalifye epi ede ou aplike pou asirans ki gratis oswa ki ba pri, tankou Medicaid oswa yon plan mache Eta Sante NY. Si Konseye Finansye an twouve ou pa kalifye pou asirans ki ba pri, yo pral ede ou aplike pou yon rabè. Konseye an pral ede ou ranpli tout fòmilè yo epi di ou ki dokiman ou bezwen pote. Si ou pa pale anglè, yon moun ap ede ou nan pwòp lang pa ou.

### **Kisa mwen bezwen pou aplike pou yon rabè?**

Konseye Finansye an ap founi ou yon aplikasyon oswa ou ka enprime youn apati sit entènèt nou an [www.nyulangone.org/insurance-billing-financial-assistance](http://www.nyulangone.org/insurance-billing-financial-assistance).

Senpman ranpli aplikasyon an epi soumèt li bay youn nan anplasman Oryantasyon Finansye nou yo.

### **Ki sèvis ki benefisyè kouvèti?**

Polis sa a pa kouvri: pwosedi kosmetik; sèvis medsen ak lòt founisè swen sante ki trete ou nan NYU Langone Hospitals men ki pa p travay ak NYU Langone Hospitals yo founi e yo voye fakti yo apa Lopital lan, tankou medsen ki ap travay ak NYU Grossman School of Medicine nan kabinè prive yo, anestezyolojis, radyològ, enfimyè prive, founisè sèvis anbilans, founisè sèvis swen adomisil; pwosedi opsyonèl pou pasyan yo ki enskri nan plan asirans HMO/ komèsyal ki pa fè kontra ak Lopital lan; ak frè opsyonèl tankou telefòn, televizyon ak frè diferansyèl pou chanm prive yo.